

MIKIHKEUN STANDAR KOMPETENSI MATA PELAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA¹⁾

Yayat Sudaryat²⁾

0. Purwawacana

Ieu tulisan téh basajan pisan. Lain ogé tulisan, tapi tutulisan atawa ngan ukur curat-corét. Eusina ogé hampang kacida. Enya, ari nu dicaritakeun mah patali jeung pasualan anu haneut kénéh (*aktual*), perkara KBK. Tapi, da guru-guru di sakola mah geus teu anéh ieuh, sering nguping mindeng ngadangu. Matak bosen boa. Keun baé kéténg, itung-itung ngabéjaan bulu tuur, mapatahan ngojay ka meri, atawa mapatahan naék ka monyét.

Ari kahayang mah gedé, tapi anu kapidangkeun ngan sakieu. Petélanana mah ngawengku opat perkara, nya éta (1) standar kompetensi, (2) kompetensi, (3) raraga SK, (4) tuturus nyusun kurikulum basa jeung sastra Sunda, (5) rarambu pangajaran basa jeung sastra Sunda, (6) padika pangajaran basa Sunda, (7) rencana pangajaran, jeung (8) pamunah wacana.

1. Naon Standar Kompetensi téh?

Standar Kompetensi (SK), nelahna mah KBK, pondokna tina Kurikulum Berbasis Kompetensi. Naon atuh SK téh? Ari ceuk tiori mah “sapuratina rencana jeung panataan ngeunaan kompetensi katutr diajar anu kudu dihontal ku murid, kagiatan diajar ngajar, meunteun, jeung makihikeun sumber daya atikan dina ngamekarkeun kurikulum sakola” (Puskur Balitbang Depdiknas, 2002:3).

SK téh boga sawatara prinsip, di antarana, (1) pangalaman diajar nu sipatna holistik, étika, logika, éstétika, kinéstétika, jeung praktika; (2) aya kasadaran budaya; (3) aya pangaruh téhnologi, informasi, jeung globalisasi; (4) diajar salila gumelar; (5) museur ka siswa; (6) pamarekan gembleng-masagi tur mimitran; jeung (7) kamampuh murid béda-béda.

Tujulna atawa oriéntasina SK téh kana (1) hasil jeung dampak anu dipiharep muncul di diri siswa ngaliwatan runtuyan kagiatan diajar nu miharti, jeung (2) rupining hal anu diébréhkeun dumasar kana kabutuh. Lebah dieu, SK téh kudu bisa méré dadasar (a) pangaweruh (kognitif), (b) kamahéran atawa kaparigelan (psikomotor), jeung (c) sikep nu alus (aféktif).


Éta tilu aspék téh kudu méré pangalaman nu pikaresepeun ka diri murid. Ari pangalaman diajar nu pikaresepeun téh, ceuk UNĚSCO mah, nyoko kana opat pilar, nya éta:

- (a) diajar mikanyaho (*learning to know*),
- (b) diajar migawé (*learning to do*),
- (c) diajar mibanda (*learning to be*), jeung
- (d) diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*).

2. Kumaha Standar Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda?

Anu has tina SK téh ayana istilah *kompeténsi*. Ceuk dina basa Sunda mah, sarua jeung ‘kamampuh’. Eusina mangrupa kaweruh (kognitif), kamahéran (psikomotor), jeung ajén-inajén (aféktif) dasar, anu diébréhkeun (diréfléksikeun) kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsisten) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampuh (kompetén) pikeun milampah hiji hal.

Kompeténsi basa jeung sastra Sunda nyoko kana kompeténsi kompeténsi komunikatif atawa kompeténsi wacana, anu nurutkeun Celce-Murcia et al. (1995:10), ngalibetkeun rupa-rupa kompeténsi lianna saperti kompeténsi basa (*linguistic competence*); kompeténsi paripolah (*actional competence*) anu ngawengku kompeténsi polah ucap keur basa lisan jeung kompeténsi rétorik keur basa tulis; kompeténsi sosial budaya (*sociocul- tural competence*), kaasup kompeténsi sastra, jeung kompeténsi stratégis (*strategic competence*). Baganna kieu.



3. Kumaha Raraga SK Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda?

Eusi *Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda* diwangun ku dua bagian. Jaba ti éta, aya bagian panambah (suplemén), anu disebut Panduan Penyusunan Kurikulum Mata Pelajaran Basa jeung sastra Sunda. Kieu ari wincikanana mah.

- a. Bab I Bubuka, anu eusina ngawengku tujuh rupa kayaning:
 - (1) Rasional: rujukan formal jeug kondisional;
 - (2) Wangenan standar kompeténs;
 - (3) Fungsi jeung tujuan pangajaran basa jeung sastra Sunda;
 - (4) Standar Kompetensi lintas kurikulum;
 - (5) Standar Kompetensi Eusi; jeung
 - (6) Standar Kompetensi Lulusan.

- b. Bab II Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar, anu ngawengku:
- (1) *Standar kompetensi*, nu mangrupa gambaran umum kamampuh basa jeung sastra, nu nyoko kana opat kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis), patali jeung (a) bahan ulikan, (b) sakola, jeung (c) kelas.
 - (2) *Kompeténsi dasar*, anu mangrupa kamampuh minimal dina hiji pangajaran anu kudu kapimilik, kacangking, jeung dipilampah ku murid, anu patali jeung pedaran aspék kaparigelan basa.

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar ngamuara kana opat kaparigelan basa jeung sastra, nya éta (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Dipatalikeun kana sastra, ngaregepkeun jeung maca nyoko kana aprésiasi sastra, ari nyarita jeung nulis nyoko kana éksprési sastra. Tengetan contona.

TK/RA

Kelompok B

Kompetensi Bahasa dan Sastra Sunda

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
0.1 Mampu menyimak, berbicara, memiliki kosa kata, dan mengenal simbol-simbol bahasa yang melambangkannya untuk persiapan membaca dan menulis.	0.2.1 Menyimak dan memahami kata dan kalimat sederhana serta mengucapkannya dengan lafal yang benar.
	0.2.2 Berbicara dengan lancar dan benar tentang jatidiri, pengalaman, dan sesuatu hal.
	0.2.3 Memperkaya dan mengucapkan kosa kata sehari-hari yang berkaitan dengan lingkungan sekitar.
	0.2.4 Mengenal bentuk-bentuk simbol-simbol sederhana dan menuliskannya (pramenulis).
	0.2.5 Menyebutkan gambar dengan lengkap (pramembaca)
	0.2.6 Menghubungkan bahasa lisan dan bahasa tulis dengan membacakan kelompok kata dan kalimat sederhana (pra membaca)
	0.2.7 Berbahasa santun dan berperilaku ramah.
	0.2.8 Menyanyikan rumpaka lagu kawih Sunda dengan benar.
	0.2.9 Menampilkan sajak Sunda yang sederhana dengan gaya.
	0.2.10 Mengekspresikan cerita dan lagu dalam gerakan.

SD/MI

KELAS I

1. Menyimak (*ngaregepkeun*)

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
1.1 Mampu menyimak (<i>ngaregepkeun</i>), memahami, serta menanggapi berbagai jenis bunyi bahasa (<i>sora basa</i>), dongeng, dan perintah (<i>parentah</i>) sederhana.	1.2.1 Menyimak dan membedakan bunyi bahasa. 1.2.2 Menyimak perintah sederhana. 1.2.3 Menyimak dan menanggapi dengan perbuatan. 1.2.4 Menyimak dongeng yang dibacakan guru.

2. Berbicara (*Nyarita*)

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
1.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam meminta izin, memperkenalkan diri (<i>ngawanohkeun</i>), bercakap-cakap (<i>guneman</i>), menyebutkan gambar benda, dan menerangkan gambar peristiwa.	1.2.1 Meminta izin. 1.2.2 Memperkenalkan diri. 1.2.3 Bercakap-cakap dengan teman. 1.2.4 Menyebutkan berbagai gambar benda. 1.2.5 Menerangkan berbagai jenis gambar peristiwa.

3. Membaca (*maca*)

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
1.3 Mampu membaca, memahami, dan menanggapi berbagai bentuk dan jenis wacana tulis (teks) berupa kata-kata lepas, kalimat lepas, serta wacana pendek.	1.3.1 Membaca kata-kata lepas yang mengandung kata asal dwisuku (<i>dua engang</i>). 1.3.2 Membaca kalimat lepas dua kata. 1.3.3 Membaca kalimat lepas tiga kata. 1.3.4 Membaca wacana (teks) pendek tiga kalimat.

4. Menulis (*nulis*)

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
1.4 Mampu menulis, mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam berbagai bentuk dan jenis tulisan huruf lepas, suku kata (<i>engang</i>), dan kalimat sederhana.	1.4.1 Menulis atau menyalin huruf lepas. 1.4.2 Menulis atau menyalin suku kata. 1.4.3 Menulis kata dwisuku 1.4.4 Menulis kata trisuku 1.4.5 Menulis/menyalin kalimat sederhana.

4. Tuturus Nyusun Kurikulum Basa jeung Sastra Sunda

a. Prinsip-prinsip Nyusun Kurikulum

Kurikulum Mata pelajaran Basa jeung Sastra Sunda anu dumasar kana Standar Kompetensi miang tina lima pananya, nya éta (1) kompeténsi naon nu kudu dihontal murid; (2) indikator naon baé anu dipaké ciri yén murid geus ngawasa kompeténsi; (3) kumaha cara méré pangalaman diajar ka murid dina ngahontal éta kompeténsi; (4) kumaha wengkuan atawa ambahan matéri nu kudu diajarkeun; jeung (5) kumaha cara guru mikanyaho yén kompeténsi nu diajarkeun téh geus dikawasa ku murid.

Dina nyusun kurikulum téh aya sawatara prinsip anu kudu ditengenan tur dikukuhan, nya éta:

- (1) *prinsip relevansi*, anu meredih kasaluyuan antara kompeténsi jeung pangalaman diajar kana kahirupan sapopoé;

- (2) *prinsip kaajegan*, anu meredih ayana kaajegan antara unsur-unsur kurikulum anu disusun;
- (3) *prinsip cumpon (adequate)*, anu meredih yén matéri nu ditepikeun jeung kompetensi nu dipiharep cukup;
- (4) *prinsip ilmiah*, anu nuduhkeun yén silabus anu disusun téh saluyu jeung calecer paélmuan katut kamekaran jiwa sarta kabutuh murid; jeung
- (5) *prinsip ngéntép seureuh (sistematis)*, anu nuduhkeun yén unggal matéri aya kakaitan nu gumulung (integratif).

b. Mekarkeun Sistem Peniléyan

Pikeun mikanyaho hasil henteuna kagiatan diajar siswa atawa préstasi diajar murid kudu aya peniléyan atawa évaluasi. Ari ngaranna évaluasi téh lain ngan ukur ulangan, tapi bisa wangun lian. Ku kituna, dina pangajaran kompetensi, évaluasi téh leuwih keuna disebut “uji kompetensi”. Peniléyan mibanda tujuan, léngkah-léngkah, warna, jeung wangun nu tangtu.

Naon tujuan peniléyan téh? Peniléyan dilaksanakeun pikeun nyumponan rupa-rupa tujuan, di antarana:

- (1) mikanyaho tahap kahontalna kompetensi siswa,
- (2) ngukur tumuwuh jeung kamekaran siswa,
- (3) nangtukeun atawa ngadiagnosis kasulitan diajar,
- (4) mikanyaho hasil pangajaran,
- (5) mikanyaho kahontalna kurikulum,
- (6) ngadorong siswa diajar, jeung
- (7) ngadorong guru sangkan ngajar leuwih alus.

Kumaha ari léngkah-léngkah peniléyan? Dina nyusun alat (intrumén) évaluasi perlu dimekarkeun heula spesifikasi, anu tahap-tahapna ngawengku opat kagiatan, nya éta:

- (1) nangtukeun tujuan,
- (2) nyusun kisi-kisi,
- (3) milih wangun alat évaluasi, jeung
- (4) nangtukeun panjangna alat ngajén (meunteun, évaluasi).

Kisi-kisi soal disusun dina wangun matrik. Ari gunana jadi acuan keur nu nyusun alat évaluasi. Ku ayana kisi-kisi, eusi jeung tahap kasulitan soal bakal rélatif sarua sok sanajan saha baé anu nyusunna.

Naon baé warna tagihan téh? Dina uji kompetensi, sakumna siswa diperedih mampuh nyumponan sakur bahan atawa kagiatan nu diujikeun, anu disebut *tagihan*. Mémang karasa siga dina kagiatan anjuk-ngahutang. Kaharti lebah dieuna mah lantaran siswa anu can nyumponan sakabéh kompetensi nu dipiharep, bakal terus ditagih. Ku ayana tagihan bakal kapanggih tilu gunduk kompetensi siswa, nya éta

- (a) siswa luhur, anu perlu dibéré *pengayaan*;

- (b) siswa siger tengah, jeung
 - (c) siswa kurang, anu perlu *dirémidi*.
- Aya sababaraha warna *tagihan*, nya éta:
- (1) kuis,
 - (2) pertanyaan lisan,
 - (3) ulangan poéan,
 - (4) ulangan blok (réndonan rupining kompeténsi),
 - (5) tugas individu,
 - (6) tugas kelompok,
 - (7) réspónsi (ujian prakték), jeung
 - (8) laporan kegiatan (praktikum, widyawisata, jsté.).

Kumaha *wangun instrumén dina peniléyan*? Peniléyan bisa mangrupa *tés* bisa mangrupa *non-tés*. Wangun *tés* bisa mangrupa

- (1) pilihan ganda,
- (2) uraian obyékif (BUO),
- (3) uraian non-obyékif (BUNO),
- (4) jawaban singget atawa ngalengkepan, jeung
- (5) ngajodokeun.

Ari wangun non-*tés* bisa mangrupa

- (1) ngaragakeun (unjuk kerja, performans), jeung
- (2) portofolio (kumpulan tugas-tugas jeung karya siswa katut kamekaranana).

c. Léngkah-léngkah Nyusun Kurikulum

Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda téh ngan ngamuat dua hal, nya éta (a) standar kompetensi jeung (b) kompetensi dasar. Ku kituna, guru di sakola kudu ngamekarkeun deui jadi kurikulum. Ari raraga kurikulum anu disusun ku guru téh ngawengku genep unsur, nya éta (1) standar kompetensi, (2) kompetensi dasar, (3) indikator, (4) ambahan matéri, (5) pangalaman diajar, jeung (6) warna meunteun (peniléyan).

Dina nyusun kurikulum aya sawatara léngkah saperti ieu di handap.

- (1) *idéntifikasi* (jatidiri sakola, mata pelajaran, kelas);
- (2) ngaruntuykeun *standar kompetensi* jeung *kompeténsi dasar*;
- (3) ngawincik *Kompeténsi Dasar* kana cicirén (*indikator*) hontalan hasil diajar;
- (4) nangtukeun ambahan bahan utama (*matéri pokok*) katut wincikanana;
- (5) milih *pangalaman diajar* (kagiatan fisik-méntal siswa patali jeung bahan kalawan nengetan kabinangkitan hirup (*life skills*)); jeung
- (6) ngawincik *indikator* kana warna *penilaian* (warna tagihan, wangun instrumén).

Conto Mekarkeun Standar Kompetensi

KELAS I

1. Menyimak (*Ngaregepkeun*)

Standar Kompetensi: Mampu menyimak, memahami, serta menanggapi berbagai jenis bunyi bahasa, dongeng, dan perintah sederhana.

Kompetensi Dasar	Indikator	Lingkup Materi	Pengalaman Belajar	Jenis Penilaian
.1.1 Menyimak (<i>ngaregepkeun</i>) dan membedakan <i>sora basa</i> (bunyi bahasa)	<ul style="list-style-type: none"> Dapat menyimak dengan sikap baik (<i>saregep</i>). Dapat menyimak bunyi é, e, dan eu dalam berbagai kata. Dapat melafalkan é, e, dan eu dalam kata. Dapat membedakan bunyi vokal é, e, eu. 	Kata-kata berfonem é, e, eu	<ul style="list-style-type: none"> Murid menyimak dengan sikap baik (<i>saregep</i>). Murid menyimak bunyi é, e, dan eu dalam berbagai kata. Murid berlatih melafalkan é, e, dan eu dalam kata. Murid membedakan bunyi vokal é, e, eu. 	<ul style="list-style-type: none"> Responsi Pertanyaan Lisan Ulangan harian
.1.2 Menyimak dongeng dibacakan guru.	<ul style="list-style-type: none"> Dapat menyimak dengan sikap baik. Dapat menyebutkan pelaku (<i>palaku</i>) dalam dongeng. Dapat menanggapi karakter <i>palaku</i> dalam dongeng. 	Dongeng <i>sasatoan</i>	<ul style="list-style-type: none"> Murid menyimak dengan sikap baik. Murid menyebutkan pelaku (<i>palaku</i>) dalam dongeng. Murid menanggapi karakter <i>palaku</i> dalam dongeng. 	<ul style="list-style-type: none"> Responsi Pertanyaan Lisan Ulangan harian
.1.3 Menyimak dan menanggapi dengan perbuatan.	<ul style="list-style-type: none"> Dapat menyimak dengan sikap baik Dapat menunjukkan gambar sesuai dengan nama yang didengar. Dapat mengisi kolom atau memberi tanda gambar sesuai dengan informasi (konsep) yang disimak. 	Gambar (binatang, benda, tumbuhan)	<ul style="list-style-type: none"> Murid menyimak dengan sikap baik. Murid menunjukkan gambar sesuai nama yang didengar. Murid berlatih mengisi kolom atau memberi tanda gambar sesuai informasi (konsep) yang disimak. 	<ul style="list-style-type: none"> Responsi Pertanyaan Lisan Ulangan harian

5. Rambu Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Rambu-rambu pangajaran basa Sunda téh kieu.


1. Enas-enasna, diajar basa téh nya éta diajar komunikasi. Pangajaran basa Sunda dipuseurkeun kana kamampuh siswa dina komunikasi lisan--tulisan.
2. Pangajaran basa Sunda ditujukeun sangkan siswa weruh, mahér, jeung alus sikepna kana basa jeung sastra Sunda.
3. Kecap boga kalungguhan penting dina mekarkeun kognisi siswa. Kandaga kecap bisa ngabeungharan kekecapan siswa.
4. Pangajaran sastra Sunda ditujulkeun sangkan siswa mampuh ngaapresiasi jeung ngaékprésikeun karya sastra, anu engkéna boga kaweruh sastra.
5. Kompetensi dasar dipuseurkeun kana kamahéran basa: maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun. Konsép basa jeung sastra dibaurkeun (diintegrasikeun) kana pangajaran kamahéran basa.

6. Padika Pangajaran Basa Sunda

Padika (metodologi) pangajaran basa Sunda tumali jeung sawatara hal, nya eta:

- a) Pamarekan (pendekatan) anu dipake: *pamarekan kompetensi komunikatif*.
- b) Méthode: langsung, latihan-pola, tata basa, maca, mim-mém, ékléktik
- c) Teknik: papancén, tanya jawab, ngaragakeun, diskusi, ceramah.

KOMPETENSI KOMUNIKATIF BASA



Pamarekan kompetensi komunikatif bisa dibarengan ku Pamarekan Kontékstual (*Contextual Teaching and Learning* (CTL)), nya éta konsep diajar nu mantuan guru ngaitkeun bahan nu diajarkeun jeung dunya nyata siswa, bari ngadorong siswa matalikeun kaweruh nu dicangkingna kana larapna dina kahirupan sapopoé. Ari ciri-ciri Pamarekan Kontékstual téh, di antarana, (1) gawé bareng jeung silih deudeul, (2) pikaresepeun, (3) diajar kalawan gairah, (4) pangajaran ngabaur (terintegrasi), (5) ngagunakeun rupining sumber, (6) murid aktip-kritis, guru rancagé (kréatif), (7) silihélédan (*sharing*) jeung babaturan, (8) pidangan karya siswa, jeung (9) laporan (rapor jeung karya siswa).

Motto: Cara diajar nu pangalusna nya éta siswa ngawangun sorangan kalawan aktip nu dipahamna. (*Students learn best by actively constructing their own understanding*).

Stratégi Pamarekan Diajar Ngajar Kontékstual nyoko kana kagiatan: (1) Cara Belajar Siswa Aktif (CBSA), (2) Pamarekan prosés, (3) *life skills education*, (4) *authentic instruction*, (5) *inquiry-based learning*, (6) *problem-based learning*, (7) jeung *cooperative-learning, service learning*.

Runtuyan kagiatan pangajaran kontékstual téh nyoko kana (1) *activating knowledge*, (2) *acquiring knowledge*, (3) *understanding knowledge*, (4) *applying knowledge*, jeung (5) *reflecting knowledge* (Zahorik, 1995:14-22).

Komponen Pamarekan Diajar Ngajar Kontékstual ngawengku (1) *construcivism*, (2) *inquiry*, (3) *questioning*, (4) *learning community*, (5) *modeling*, (6) *reflection*, jeung (7) *authentic assessment* (ngajén sabenerna).

7. Rencana Pangajaran

Silabus mangrupa wujud operasionalisasi kompetensi dasar, pedaran matéri pokok nu leuwih spesifik, kagiatan diajar, évaluasi, jeung alokasi waktu. Ari gunana mangrupa padoman guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngolah pangajaran. Silabus disusun ku guru di sakola atawa KKG, anu dipakihikeun ku Dinas Pendidikan (Kabupatén/Kota/Kacamatan).

Conto Format Silabus:

RENCANA PEMBELAJARAN ...

Satuan Pendidikan	:
Mata Pelajaran	:
Materi Pokok	:
Kelas/Semester	:
Alokasi Waktu	:Jam pelajaran

- I. STANDAR KOMPETENSI
- II. KOMPETENSI DASAR
- III. INDIKATOR :
- IV. KEGIATAN BELAJAR MENGAJAR
 - A. Kegiatan Awal
 - B. Kegiatan Inti
 - C. Kegiatan Akhir
- V. LANGKAH PEMBELAJARAN
- VI. MEDIA DAN SUMBER BELAJAR
- VII. EVALUASI (PENILAIAN)
 1. Tertulis
 2. Kinerja (performansi)
 3. Produk
 4. Penugasan/Proyek
 5. Portofolio

8. Pamunah Wacana

Sakitu heula baé. Moal panjang-panjang, bilih kalah ka réa salah. Mugia katampi tur aya maunahna. Sing jadi jampé pamaké dina ngawulangkeun basa jeung sastra Sunda anu hadé tur merenah. Cag, ah! (Pangancikan, 26042006)

